

Erotisme sajrone Crita Cekak Jawa Modern Taun 2012

Ima Noorma Sari

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (Imanoorma@yahoo.com)

Abstrak

Erotisme wis suwe ana lan ngrembaka sajrone maneka perangan karya seni kayata seni beksan, swara, rupa, drama sarta karya sastra. Sajrone karya sastra tema-tema erotis ana minangka panyengkuyung pangrembakane sastra Jawa modern. Sejatine erotisme ora mung gegayutan karo prekara seks nanging uga minangka wujud interaksi sosial. Panliten iki uga bakal nduduh erotisme sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Underane panliten iki yaiku (1) kepriye wujud erotisme; (2) kepriye kagunane erotisme; sarta (3) kepriye sesambungane erotisme sajrone crita cekak 2012 karo realitas sosial sajrone bebrayan. Tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake wujud erotisme; (2) ngandharake kagunane erotisme; sarta (3) njlentrehake sesambungane erotisme sajrone cerkak sastra Jawa modern taun 2012 karo realitas sosial sajrone bebrayan.

Metode sing digunakake sajrone panliten yaiku metode deskriptif kualitatif. Sumber datane panliten arupa crita cekak saka kalawarti *Jaya Baya* lan *Panjebar Semangat* taun 2012. Datane panliten yaiku frase, tembung lan ukara sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012. Sajrone nglumpukake data kasebut digunakake teknik kapustakan. Sajrone ngandharake lan njlentrehake data digunakake metode deskriptif analisis kanthi tintingan sosiologi sastra.

Asile panliten iki bisa diperang dadi telu adhedhasar underane panliten. Sepisan, wujud-wujud erotisme kang ana sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 ana papat, yaiku (1) gambarane wanita; (2) gambarane planangan; (3) silih aras lan rinuketan; (4) gambarane andon asmara. Kagunane erotisme sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 ana pitu yaiku (1) narik kawigatene pamaca; (2) sarana estetika; (3) salah sijine wujud interaksi sosial; (4) sarana kritik sosial lan moral; (5) konsekuensi logis; (6) gambaran panguripane manungsa kanthi wutuh; (7) sawijine bab sing lumrah. Realitas sosial sing nduweni sesambungan karo erotisme yaiku (1) slinkuh; (2) seks bebas; (3) seks minangka kabutuhane wong sesomahan; lan (4) tumindak seks sing abnormal.

Tembung wigati: wujud erotisme, kagunane erotisme, realitas sosial

A. PURWAKA

Erotisme tumrap saperangan bebrayan ora pantes kanggo dirembug, nanging sejatine erotisme kalebu perangan sing cedhak banget karo manungsa minangka dhiri pribadhi lan makhluk sosial. Erotisme nduweni sesambungan karo kabudayan lan ana sajrone maneka perangan sajrone bebrayan. Rochkyatmo (1994:75) njlentrehake erotisme ana ing maneka werna seni kayata seni beksan, seni rupa, seni drama utawa teater, seni swara, lan sapanunggalane.

Erotisme pancen nduweni gegayutan karo prekara seksualitas nanging ora mung winates ing bab kasebut. Suryakusuma sajrone Rochkyatmo(1994:76) ngandharake seks dhewe sejatine ora mung awujud biologis fisik nanging uga wujud interaksi sosial amarga seks nduweni gegayutan tumrap tumindake pawongan utawa bebrayan tartamtu.

Salah sijine wujud erotisme bisa dideleng sajrone kasusastran, salah sijine sastra tulis. Swingewood sajrone Darni (2012:3) ngandharake karya sastra bisa nggambarake nile lan norma sajrone bebrayan. Bab mau

laras karo pamawase Wellek lan Warren (1989:109) sing njlentrehake yen sastra nggambarake panguripan sing asale saka kanyatan sosial Fungsi karya sastra kasebut uga ana sajrone kasusastran Jawa. Tema-tema erotis minangka wujud interaksi sosial wis suwe ana sajrone kasusastran Jawa, salah siji tuladhane teks babad sajrone sastra Jawa klasik.

Tema-tema erotis ana minangka panyengkuyung pangrembakane kasusastran Jawa, ora mung sing awujud tulis nanging uga awujud lisan. Unsur erotis kasebut ngalami owah gingsir sing beda saka jaman siji menyang jaman sijine. Bab iku dumadi gegayutan karo kahanan sosiale bebrayan nalika karya kasebut karipta. Ing kasusastran Jawa modern, unsur erotisme ana ing maneka genre. Salah siji genre sastra Jawa modern yaiku crita cekak. Crita cekak mujudake genre sastra Jawa modern sing isih ngrembaka nganti saiki. Crita cekak ditulis dening pangarang priya lan wanita.

Erotisme sajrone karya sastra mujudake bab sing narik kawigaten kanggo diteliti, salah sijine sajrone crita cekak. Crita cekak dipilih minangka objeke panliten amarga cerkak sing wujud cekak luwih gampang utawa akeh ditemokake unsur erotismene tinimbang cerbung

utawa novel kang wujud luwih dawa. Saliyane iku, cerkak minangka gegambarane maneka pamawas ngenani erotisme lumantar pangarang. Crita cekak sing digunakake sajrone panliten iki yaiku crita cekak taun 2012. Crita cekak taun 2012 didadekake objek amarga bisa makili pangrembakane erotisme sajrone sastra Jawa modern jaman saiki lan bisa digayutake klawan realitas sosial sajrone bebrayan.

Panliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra. Sosiologi sastra nengenake babagan sesambungane sastra lan bebrayan sarta kepriye daya pangaribawane bebrayan sajrone sastra (Saraswati, 2003:10). Tintingan sosiologi sastra trep digunakake kanggo ngonceki erotisme sarta menèhi gambaran realitas sosial sajrone crita cekak sastra Jawa modern taun 2012. Erotisme mujudake perangan saka interaksi sosial lan nduweni gegayutan tumrap norma-norma sosial sajrone bebrayan.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake wujud, kagunan sarta sesambungane erotisme sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 karo realitas sosial sajrone bebrayan. Sajrone ngandharake bab kasebut digunakake teori sosiologi sastra sarta konsep ngenani erotisme. Awit saka iku, prelu anane andharan gegayutan tumrap konsep lan teori sing digunakake.

Miturut etimologine erotisme dumadi saka tembung Yunani kuna eros. Eros nduweni teges jenenge *Dewa Cinta*, putrane Aphrodite (Hoed, 1994:3). Utomo (2001:3) ngandharake eros mujudake prantara antarane donya sing sipate inderawi lan donya sing tinarbuka kanggo donyane pamawas. Sajrone Kamus Besar Bahasa Indonesia utawa KBBI (1996:269) erotisme nduweni teges loro yaiku 1) kahanan tuwuh napsu; 2) kekarepan ngenani napsu seks kanthi lumintu. Erotisme asring digayutake tumrap pornografi lan seksualitas, malah ana sing nganggep makna saka katelune padha. Suryakusuma sajrone Rochkyatmo (1994:75) ngandharake tembung erotis, porno lan seksual kalebu tembung dasanama utawa sinonim. Saka teges sing mligi seks tumuju marang prekara sanggama lan reproduksi. Saka teges sing umum, seks lan erotis nduweni sesambungan karo tumindak, guneman, tindak tutur, pawarta, gambar, panggambare tumindak sing *simulative* lan *sugestif*). Pornografi dhewe luwih marang bab sing asipat lekoh.

Pornografi saka basa Yunani Kuna yaiku *porne* “planyahan” lan *graphein* “nulis” (Hoed, 1994:3). Pornografi sajrone KBBI (1996:78) yaiku 1) kahanan tuwuh napsu; lan 2) kekarepan ngenani napsu seks kanthi ajeg utawa lumintu. Bedane Pornografi lan erotisme bisa dideleng saka makna kekarone. Hoed (1994: 3) njlentrehake erotisme ora nduweni makna lekoh nanging luwih marang gegambarane tumindak, kahanan, swasana adhedhasar libido lan seks. Suwalike, pornografi nduweni makna dhasar lekoh, ala lan rusuh.

Prelu dingerteni pancen ewuh kanggo mangerteni wewatesane pornografi lan erotisme, apa maneh sing awujud teks. Sawijine bab bisa diarani erotisme utawa pornografi gumantung marang pamawase saben pawongan lan kabudayane. Bab iku selaras karo pamawase Hoed (1994:4) sing njlentrehake menawa sajrone ngerteni sawijine bab sing erotis iku bisa diarani pornografi utawa ora gumantung marang kabudayan sing diduweni. Maneka pamawas ngenani erotisme disebabake maneka bab kaya umur, pendhidhikan lan status sosial.

Sawise erotisme, konsep sabanjure sing diandharake yaiku sosiologi sastra. kaya kang wis diandharake sadurunge sosiologi sastra mujudake ilmu sing nggayutake sastra lan bebrayan. Sadurunge ngrembug tintingan sosiologi sastra prelu dingerteni dhisik sesambungane sastra lan bebrayan mligine bebrayan Jawa lan kasusastrane. Kasusastran Jawa nduweni daya pangaribawa sing gedhe tumrap pangrembakane bebrayan Jawa. Luxemburg (1984: 23) ngandharake bab mau laras karo fungsi sosial sastra sing diwawas minangka salah sijine gejala sosial lan nduweni gayutan tumrap norma, nilai lan adat sajrone bebrayan.

Bebrayan Jawa ngalami pangrembakan laras karo pangrembakane jaman. Pangrembakane bebrayan Jawa ndadekake karya sastra tuwuh ngrembaka (Ras, 1985:1). Bab kasebut ndadekake karya sastra bisa didadekake gambaran saka kahanan kang ana sajrone bebrayan. Bab iku uga trep karo pamawase Sudikan (1990: 91) sing njlentrehake karya sastra ora bisa uwal saka prekara-prekara sajrone bebrayan. Prekara-prekara kasebut aja mung diwawas minangka prekara kasusastran. Prekara-prekara mau bisa diteliti kanthi luwih njlimet minangka perangan saka bebrayan.

Sosiologi sastra kalebu ilmu *interdisipliner* antarane sosiologi lan ilmu sastra (Saraswati, 2003:1). Ratna (2011:3) ngandharake menawa sosiologi sastra mujudake tintingan sastra tumrap karya sastra kanthi nenimbang bab-bab sajrone bebrayan, lan upaya sajrone nemokake *kualitas interdependensi* antarane sastra lan bebrayan. Endraswara (2003:77) nambahake sosiologi sastra mujudake sawijine panliten sastra sing asipat reflektif.

Maneka pamawas tuwuh gegayutan tumrap tintingan sosiologi sastra. Bab mau lumrah dumadi amarga akehe konsep ngenani sastra lan bebrayan. Saraswati (2003:11) menèhi gambaran maneka pamawas ngenani sosiologi lan sastra yaiku Ian Watt, Wellek Warren lan Garbstein. Ian Watt sajrone Saraswati (2003:12) ngandharake ana patang perangan sing didadekake bahan pirembugan sajrone sosiologi sastra yaiku konteks sosial pangarang, sastra minangka kaca pangilone bebrayan, sastra minangka sikap klompok tartamtu lan sastra nggambarake kahanane bebrayan tartamtu kanthi njlimet. Pamawase Ian Watt ngenani sastra minangka kaca pangilone bebrayan sing digunakake dhasar sajrone panliten iki.

Crita cekak mujudake salah siji genre sastra Jawa modern kang awujud prosa. Hadisukarno (1988: 8)

ngandharake tetembungan cerkak dhewe tuwuh saka kalawarti *Panjebar Semangat* sawise lumaku rong taun (*Panjebar Semangat*, no. 45, tanggal 19 Nopember 1936). Jeneng cerkak lair bebarengan karo laire “cerpen” sajrone sastra Indonesia.

Nurgiyantoro (2009:10) njlentrehake yen cerkak utawa cerpen sajrone sastra Indonesia selaras karo jenenge nduweni carita sing cekak nanging sapira dawa lan cekake ora ana paugerane. Aminuddin (2004: 66) njlentrehake cerkak bisa dibedakake karo novel adhedhasar dawa-cekake isi crita, *kompleksitas* isi crita sarta gunggung paraga sajrone crita. Stanton (2010:76) ngandharake menawa bab sing paling wigati saka cerkak yaiku gegayutan tumrap wujud sing cekak lan padhet, gunggung tembung luwih sethithik saka novel, pangarang nggambarake karaktere paraga, kahanan, lan tumindak kanthi langsung utawa bebarengan.

B. METODE

Penlitin iki mujudake panlitin deskriptif kualitatif. Sumber data sing digunakake yaiku crita cekak Jawa modern taun 2012 saka kalawarti *Jaya Baya* lan *Panjebar Semangat*. Data sing digunakake yaiku frase, tembung, lan ukara sajrone limelas crita cekak Jawa modern taun 2012. Sajrone nglumpukake data kasebut digunakake teknik kapustakan. Sajrone ngandharake lan njlentrehake data digunakake metode deskriptif analisis kanthi tintingan sosiologi sastra.

Tata cara analisis data sing ditindakake sajrone panlitin iki yaiku 1) maca kanthi njlimet data sing wis dikumpulake, bisa ditindakake kanthi maca data mau bola-bali, 2) nyathet lan nggolongake sumber data sing bakal digunakake sajrone panlitin, 3) ngandharake data gegayutan karo undere panlitin, yaiku wujud erotisme kang ana sajrone cerkak-cerkak Jawa modern taun 2012, 4) njlentrehake kagunane erotisme sing ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012. 5) ngandharake gayutane unsur erotisme sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 karo realitas sosial sajrone bebrayan, 6) ngandharake asile panlitin kanthi luwih cetha adhedhasar underane lan ancane panlitin.

C. ANDHARAN

1. Wujud Erotisme sajrone Crita Cekak Jawa Modern Taun 2012

a. Gambarane Wanita

Wujud erotisme sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 ana papat, yaiku 1) gambarane wanita, 2) gambarane planangan, 3) silih aras lan rinuketan, 4) gambarane andon asmara. Gambaran wanita bisa diperang adhedhasar umur, yaiku enom, rada tuwa, lan tuwa. Bab iku uga gegayutan tumrap sepira gedhene erotisme sajrone cerkak-cerkak kasebut. Gambarane wanita sing isih enom ana sajrone cerkak *Malik Grembyang* lan *Ary sing Siji Iki*. Gambaran kasebut ana sajrone paraga Lestari lan Ary sing nggawe paraga priya sing ana sajrone cerkak mau yaiku

David dan Agus kesengsem marang wanita loro mau. Seksualitas ora dadi tema utama sajrone kaloro cerkak iki.

Gambaran wanita rada tuwa ana sajrone cerkak *Yen Yang Kung Terus Oyeng*, *Randha Teles Kampung Mblarak*, lan *Kost*. Gambaran kasebut ana sajrone ada paraga Mentrik, Ratri, lan Arum. Gambaran sing paling erotis ana sajrone paraga Ratri sing ndadekake paraga Janaka pengin rabi karo Ratri kamangka Janaka wis nduwe bojo jenenge Dewi. Tema-tema seksualitas ana sajrone katelu cerkak iki senajan bab sing ditengenake beda-beda. Gambaran wanita tuwa ning bisa nuwuhake swasana erotis ana sajrone paraga Tante Rosa sajrone cerkak *Tante Rosa*. Saka sakabehe gambaran wanita mau gambaran sing paling erotis ana sajrone cerkak *Tante Rosa*. Tema sing dijupuk uga tema seksualitas, luwih cethane tumindak seks sing ora lumrah. Cuplikan iki menehi gambaran pawakane Tante Rosa sing digambarake dening paraga liya lan nuwuhake swasana sing erotis.

Wiwitane aku pakewuh gandhengan karo Tante Rosa. Nanging bareng dalane saya suwe saya munggah, rasa ewuhku dakkipatake. Karo mlaku aku nyolong nglirik bosku. Isih ayu. Kaca mripat sing ngrenggani netrane muwuh ayuning rupa najan umur-umrane mbok menawa wis ngancik seket taun. Clanane model pensil, kaose ketat. Dhadhane ora patiya gedhe nanging weweg. Ati lanangku gumronjal, tangane Tante Rosa dakgegem kenceng. Dheweke ora suwala najan ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane. (Met, PS:39.2012:23).

Saka cuplikan ing ndhuwur katon kepriye pawakane Tante Rosa sing digambarake pangarang. Tante Rosa sing umure seket taun isih katon ayu, apa maneh ketambahan sandhangan sing digunakake yaiku clana pensil lan kaos ketat. Bab iku nuwuhake erotisme tumrap pamaca. Pamaca bisa nggambarake kepriye paraga Tante Rosa saka sandhangan sing digawe. Wanita sing nganggo sandhangan sing tipis tur mlepet uga akeh tinemu sajrone kasunyatan. Gambarane paraga wanita kang maneka warna sajrone cerkak-cerkak Jawa modern taun 2012 iki nduweni daya pangaribawa tumrap anane erotisme.

b. Gambarane Planangan

Wujud erotisme kaloro yaiku gambarane planangan. Gambaran mau ana sajrone cerkak loro anggitané Mbah Brintik yaitu *Yen Yang Kung Terus Oyeng* lan *Mbah Miya Kaningaya*. Gambaran kasebut diandharake kanthi sumirat nggunakake sarana parikan lan geguyonan. Sajrone cerkak *Yen Yang Kung Terus Oyeng* digambarake paraga Yang Kung mujudake sawijine paraga priya sing wis tuwa nanging kecanthol karo sawijine paraga Mentrik sing mujudake sawijine wanita tilase planyahan. Bab mau disebabake prakara

seksualitas. Meh padha karo cerkak *Yen Yang Kung Terus Oyeng*, cerkak *Mbah Miya Kaningaya* uga nggambarake paraga lanang sing wis tuwa yaiku Mbah Miya sing kepengin rabi karo Srinthil, sawijine randha ayu ana desane, ning bedane Mbah Miya ora dikarepi dening Srinthil nanging Mbah Miya malah bola-bali ngandharake kakuwatane ing babagan olah seks. Wujude erotisme sarta wewatekane Mbah Miya bisa dideleng kanthi dramatik sajrone cuplikan iki.

“Njenengan kok ngebet ta Mbah, napa taksih greng?”

Rumangsa ditantang. Mbah Miya pamer dhirine, wangsulane ladak:

“Thil, wong ayu, aja ndeleng tuweke ndhuk. Gaplek-gaplek tela Thil, gathote ireng... tuwek-tuwek Mbah Miya, njot-njotane jik kenceng”. (Brintik, PS:49.2012:23).

Katon wateke Mbah Miya sing kanthi ladhak ngrayu Mentrik supaya gelem rabi karo dheweke. Cuplikan mau uga nggambarake kepriye kahanane planangane Mbah Miya lan katiyasane ing babagan seksualitas. Tembung “greng” nuduhake sapira kekuwatane Mbah Miya ing babagan seks. Saka katiyasane ing babagan seksualitas ndadekake Mbah Miya saya ndadi lan nuduhake kakuwatane kanthi nggunakake parikan sing ngemu teges sumirat. Ukara “gaplek-gaplek tela Thil, gathote ireng, tuwek-tuwek Mbah Miya, njot-njotane jik kenceng” nuduhake kepriye kakuwatane Mbah Miya ing babagan andon asmara lan kepriye planangane. Ukara “Njot-njotane jik kenceng” saya nuduhake Mbah Miya senajan wis tuwa isih bisa nggawe wanita mrangsang. Tembung-tembung kasebut nuwuhake erotisme sajrone cerkak iki.

Gambaran ngenani planangan sajrone cerkak loro kasebut negesake menawa gambaran planangane paraga kalebu wujud erotisme sing ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012, senajan sajrone data panliten ora kabeh pangarang nggunakake gambarane planangan kanggo nuwuhake erotisme. Mbah Brintik mujudake pangarang wanita sing wani nggambarake perangan sing arang banget diandharake dening pangarang wanita liyane.

c. Silih Aras lan Rinuketan

Silih aras lan rinuketan mujudake gambaran erotisme sing paling akeh tinemu sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012. Silih aras lan rinuketan ing kene bisa diperang dadi telu adhedhasar umure sing nindakake yaiku tuwa, rada tuwa lan enom.

Gambaran ngaras lan ngruket antarane paraga priya lan wanita sing tuwa ana sajrone cerkak *Tante Rosa*, nanging kekarone ora nduweni umur padha. Paraga sing umure tuwa yaiku Tante Rosa. sajrone cerkak *Tante Rosa* ana sing beda. Paraga sing nindakake bab kasebut yaiku wanita seket taun karo supire sing isih durung patiya tuwa. Supir mau yen ngundang wanita kasebut Tante Rosa. Tante Rosa digambarake luwih agresif tinimbang paraga Aku (supire) lan digambarake bisa nuwuhake hasrat

seksuale supire nganti ora ewuh ana sakamar karo Tante Rosa.

Gegambaran ngaras lan ngruket antarane paraga priya lan wanita sing rada tuwa ana ing saperangan cerkak-cerkak Jawa modern taun 2012. Cerkak kasebut yaiku *Nganti Kapan*, *Ketiga Garing* lan *Randha Teles Kampung Mblarak*, lan *Kangen kang Endah*. Paraga priya lan wanita ing kene nduweni cara sing beda-beda sajrone nindakake bab kasebut. Anggone mbedakake dijalari status sosial, papan panggonane lan norma sosial.

Sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 uga tinemu silih aras lan rinuketan antarane paraga priya lan wanita sing isih enom. Pangrembakane jaman sing saya maju uga nduweni daya pangaribawa tumrap tata lakune pawongan ing jaman kang sarwa modern iki. Ana ukum timbal balik saka pangrembakane ngelmu lan teknologi. Nalika nom-noman ora bisa milah lan milih budaya sing mlebu ing Indonesia ora mokal dumadi owah-owahan marang nile lan norma sosial.

Owah-owahane nilai lan norma sosial uga ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012. Saka limalas cerkak sing ditliti, cerkak sing ngandhut erotisme kanthi wujud ngaras lan ngruket antarane paraga priya lan wanita sing isih enom lan kalebu sajabane sesomahan ana patang cerkak. Cerkak-cerkak kasebut yaiku *Mung Kaya Sandiwara*, *Ing Tawang Mangu Ana Ndaru*, *Isih Ana Rembulan*, lan *Critane Boneka Asu*. Silih aras lan rinuketan antarane priya lan wanita sing isih enom lan paling erotis ana sajrone cerkak *Isih Ana Rembulan* anggitane Mbah Brintik senajan seksualitas ora dadi tema sajrone cerkak iki.

d. Gambarane Andon Asmara

Andon asmara nduweni teges lulut, resmi lan sih-kinasihan (Poerwadarminta, 1996:38). Gambarane andon asmara mujudake wujud erotisme kapapat lan sing paling erotis senajan pangarang nggunakake cara sing beda-beda sajrone nggambarake andon asmara gegayutan marang swasana lan kahanan sing dikarepake pangarang. Gambaran andon asmara iki bisa diperang adhedhasar sesambungane priya lan wanita. Hutomo (1994:71) ngandharake sesambungane priya lan wanita bisa kaperang dadi lima, yaiku a) sesambungane priya lan wanita sajrone sesomahan; b) sesambungane priya sing nduwe bojo karo wanita sing dudu bojone; c) sesambungane wanita sing nduwe bojo karo priya sing dudu bojone; d) sesambungane wanita lan priya sing isih pacangan; e) Sesambungane priya lan wanita ing donyane planyahan.

Adhedhasar peprincene Hutomo ngenani sesambungane priya lan wanita, ana patang perangan sing bisa dingerteni sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 yaiku a) sesambungane priya lan wanita sajrone sesomahan; b) sesambungane priya sing nduwe bojo karo wanita sing dudu bojone; c) sesambungane wanita sing nduwe bojo karo priya sing dudu bojone; d) sesambungane wanita lan priya sing isih pacangan.

Sepisan, gambaran ngenani andon asmara antarane wanita lan priya sajrone sesomahan ana ing cerkak *Randha Teles Kampung Mblarak*. Sajrone cerkak

iki gambaran andon asmara utawa sanggama digambarake kanthi cara sing alus. Ukara sing digunakake pancen ora langsung tumuju marang apa sing dikarepake nanging kanthi cara sumirat. Cuplikan ngisor iki menehi gambaran rerangkene kadadeyan sing nggambarake andon asmara antarane Janaka lan Dewi.

“Iki mesthi, yen dijak ngomong serius, buntute mesthi ngajak ngonokan,” ukarane Dewi ditambahi jiwitan cilik ing bangkekanku. Lampu gage dakpateni. Sabanjure mung keprungu swaraning napas kang uber-uberan ing samodraning asmara bebrayan rumah tangga. (Broto. JB:17.2012:28).

Pethikan mau nuduhake cara pangarang nggambarake andon asmara antarane paraga wanita lan priya sajrone sesomahan kanthi cara sing sumirat.

Kaloro, sesambungane priya sing wis nduwe kulawarga karo wong wadon sing dudu bojone uga ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012. Sesambungan kasebut nganti nindakake andon asmara sing lumrahe ditindakake dening wanita lan priya sajrone sesomahan. Ing kene bisa dingerteni anane priya sing slingkuh saka bojone nganti nindakake sanggama. Gambaran mau ana sajrone cerkak *Critane Boneka Asu* lan *Yen Yang Kung Terus Oyeng*. Pangarang nggambarake kahanan kasebut kanthi cara sumirat nanging gampang dingerteni dening pamaca. Gambaran kasebut nuwuhake swasana sing erotis.

Peprincen katelu yaiku sesambungane wanita sing wis nduwe bojo karo priya sing dudu bojone. Ing cerkak Jawa modern taun 2012 iki ana rong cerkak sing ngandhut bab kasebut yaiku cerkak *Endah..Endah* lan cerkak *Kost*. Paraga-paraga wanita ing kene katon luwih *agresif* tinimbang paraga priya sajrone nindakake andon asmara. Paraga wanita saka rong cerkak iki nindakake sesambungan karo wong lanang liya amarga maneka jalaran. Andon asmara sajrone cerkak *Endah....Endah* iki digambarake kanthi cara langsung nanging nggunakake basa sing alus, dene sajrone cerkak *Kost* andon asmara digambarake kanthi sumirat ning luwih katon erotis tinimbang cerkak *Endah..Endah*.

Tumindak Andon Asmarane paraga priya lan wanita sing isih legan lan durung menikah uga ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012. Kahanane saperangan nom-noman saiki sing kena seks bebas pranyata uga ndadekake pangarang sastra Jawa modern taun 2012 menehi gambaran ngenani kahanan kasebut. Pangarang kanthi cara langsung nuduhake gambaran sanggama antarane paraga priya lan wanita sing isih enom lan durung kaiket pernikahan. Kahanan sing digambarake pangarang bisa nuwuhake erotisme tumrap pamaca.

Siji-sijine cerkak sing menehi gambaran kasebut saka data sing wis cumepak yaiku cerkak *Critane Boneka Asu* anggitané Al-Aris Purnomo. Cerkak iki nggambarake sesambungane paraga wanita sing isih enom jenenge Kinar karo pacangane. Sesambungane paraga enom iki kepara wis kelewat wates amarga nganti nindakake tumindak sing durung wayahe ditindakake. Gambaran

tumindak kasebut digambarake liwat swasana sing digambarake paraga Aku yaiku paraga boneka Asu. Cuplikan ing ngisor iki mujudake gambaran saka rerangkene kadadeyan nalika Kinar lan Wirman nindakake sanggama.

Malah iya aku tau nyekseni yen Kinar karo nom-noman bagus sing ketemu ana mall kae padha gelut uleng ana patidhur tanpa sandhangan. Sanadyan gelut nanging katone padha seneng uleng nanging ora antem-anteman. Malah kadhangkala padha ngguyu bareng. Gelute nganti adus kringet. Gumun tenan aku. (Purnomo. JB:2.2012:24).

Paraga Kinar lan pacangane katon nindakake sanggama sing digambarake liwat cara sing samar-samar. Pangarang nggambarake kahanan kasebut kanthi cara dramatik. Ukara gelut uleng ana patidur tanpa sandhangan nuduhake yen paraga Kinar lan pacangane lagi padha nindakake tumindak sing kurang becik.

Saka papricen sing diandharake Hutomo pancen ana siji paprincen sing ora ana sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012. Bab mau yaiku sesambungane paraga priya lan wanita ing donyane planyahan. Sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 sing isih ana gegayutane karo planyahan yaiku cerkak *Yen Yang Kung Terus Oyeng*, nanging ing cerkak iki paraga wanita wis ora dadi wanita planyahan maneh. Paraga wanita kasebut wis metu saka sawijine lokalisasi sing ndadekake dheweke moncer lan misuwur sadurunge.

Wujud-wujude erotisme sing wis dijilentrehake mau kabeh arupa tulisan lan awujud frasa, tembung, ukara lan paragraf. Saliyane nggunakake sarana basa, erotisme sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 uga dituduhake kanthi sarana gambar ilustrasi sing ana sajrone cerkak. Gambar ilustrasi kasebut ana sajrone cerkak *Endah..Endah*, *Ceritane Boneka Asu*, *Kangen kang Endah*, *Ary sing Siji iki*, *Kost*, lan *Tante Rosa*. Sajrone cerkak *Kost* lan *Tante Rosa* malah dituduhake wanita sing lagi turu miring lan turu mlumah ana kasur kanthi mung nggunakake kemben jarit lan slimut. Gambar sing kaya mangkono bisa nggawe tambahing swasana erotis. Saka kene dingerteni cerkak mau sithik apa akeh ana gayutane karo prekara seksualitas.

2. Kagunane Erotisme sajrone Crita Cekak Jawa Modern Taun 2012

a. Narik Kawigatene Pamaca

Erotisme asring digunakake pangarang minangka punjere crita utawa perangan saka crita. Erotisme kanthi maneka wujud, salah sijine silih aras lan rinuketan sing digunakake pangarang minangka perangan sing bisa narik kawigatene pamaca.

Saka anane erotisme pamaca bisa ngrasakake bab seksualitas kanthi nyata. Saliyane bab seksualitas, gambarane paraga wanita kanthi njlimet uga mujudake perangan sing bisa narik kawigatene

pamaca. Pangarang nggunakake gambaran awake wanita supaya pamaca bisa ngangen-angen kepriye gambaran-gambaranane wanita mau sajrone kasunyatan. Paraga-paraga mau uga katon urip yen digambarake kanthi njlimet. Erotisme bisa manggon sajrone wiwitane crita, tengah utawa akhir. Bab mau gumantung marang kasenengane pangarang.

b. Sarana Estetika

Erotisme sejatine ora nduweni makna lekoh. Salah siji wujud erotisme yaiku gambarane wanita. Gambarane wanita kalebu kaendahan sing ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012. Gambarane wanita sajrone crita dikarepake bisa nggambarake estetika nalika disuguhake. Wanita-wanita mau nuwuhake rasa kawigaten saka paraga priya sing ana sajrone crita, saliyané iku pamaca uga bisa nduweni angen-angen ngenani wanita kasebut. Bab mau uga bisa menehi kawigaten saka pamaca.

Pangarang-pangarang cerkak Jawa modern taun 2012 akeh sing nggambarake pawakane wanita kanggo sarana estetika. Gambaran wanita asring digambarake dening pangarang priya, dene pangarang wanita sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 sing menehi gambaran ngenani wanita mung Mbah Brintik.

c. Salah Sijine Wujud Interaksi Sosial

Paraga sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 nduweni pakaryan lan umur sing maneka warna. Paraga-paraga mau nggambarake interaksi sosial antara pawongan siji menyang sijine kanthi cara sing beda-beda. Bab mau gegayutan menyang sapa lan ing ngendi interaksi mau dumadi. Seks sing ana sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 ora mung nduweni tujuwan kanggo nuwuhake hawa napsune pamaca, nanging kanggo nggambarake andon asmarane priya lan wanita kanthi maneka umur.

Andon asmara utawa saresmi sing ditindakake dening pawongan sajrone sesomahan tamtu dadi bab sing lumrah, nanging yen ditindakake dening pawongan sajabane sesomahan tamtu bab iki wis ora selaras karo ukum agama. Pangarang-pangarang cerkak Jawa modern taun 2012 nggambarake andon asmara antarane paraga priya lan wanita sing maneka warna. Sajrone wong sing wis nikahan andon asmara ditindakake kanthi alus lan mujudake interaksi antarane priya lan wanita sajrone bale somah.

d. Sarana Kritik Sosial lan Moral

Erotisme nduweni piguna minangka sarana kritik sosial lan moral tumrap kahanan saiki. Sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 ana perangan-perangan sing diandharake dening pangarang mujudake kritik sosial lan moral. Kritik sosial sing paling katon ana sajrone cerkak *Ceritane Boneka Asu* anggitané Al-Aris Purnomo. Ing cerkak iki pangarang menehi gambaran ngenani sesambungane nom-noman jaman saiki sing keliwat wates amarga nganti nindakake bab sing durung wayahe

dilakoni. Sarana erotisme pangarang kepengin menehi kritik sosial lan moral marang kahanan sajrone bebrayan.

e. Konsekuensi Logis

Sajrone nggunakake tema-tema ngenani seksualitas sajrone bale somah utawa gambaran seksualitas sajabane sesomahan tamtu pangarang kudu nggambarake swasana sing gegayutan karo prekara seksualitas. Salah sijine gambaran ngenani tumindak slingkuh tamtu digambarake kanthi nggunakake sarana erotisme sajrone crita.

Sajrone cekak Jawa modern taun 2012 ana crita-crita sing nengake kanyatan sosial sing nduweni sesambungan karo prekara seks. Cerkak-cerkak kasebut yaiku *Yen Yang Kung Terus Oyeng*, *Endah-Endah*, *Ceritane Boneka Asu*, *Kost* lan *Tante Rosa*.

f. Gambaran Panguripane Manungsa kanthi Wutuh

Manungsa diiptakake dening Gusti Allah supaya bisa ngrasakake sakabehe napsu sing ana sajrone manungsa kalebu napsu sufiah utawa napsu ing babagan seksualitas. Manungsa minangka makhluk sing diwenehi akal kudu bisa nyegah hawa napsune, salah sijine kanthi cara nikahan. Gambaran sesomahan sajrone crita cekak sastra Jawa modern taun 2012 mbutuhake anane andon asmara antarane priya lan wanita sing wis bebojowan. Bab kasebut kanggo nuduhake andon asmara mujudake perangan penting kanggo wong kang mangun bale somah.

g. Sawijine Bab sing Lumrah

Erotisme ana sajrone karya sastra mujudake bab sing lumrah amarga erotisme mau tuwuh tanpa dirasa, bisa uga kanthi nggunakake erotisme swasana lan tumindak katon nyata dumadi. Crita ngenani katresnan antarane priya lan wanita supaya katon romantis tamtu mbutuhake sawijine bab sing erotis. Tuladhane, ana sajrone crita romansa sarta cerkak *Kangen kang Endah*. Crita romansa sing nggunakake tema ngenani sesambungane tresna antarane nom-noman tamtu nuwuhake erotis kaya ngruket, ngaras sing dumadi kanthi alami tanpa disengaja. Erotisme mau ora nduweni tujuwan kanggo nuwuhake hasrat seksuale pamaca nanging luwih marang sawijine bab sing lumrah ana sajrone crita. Bab-bab kaya mangkono ora mung dumadi sajrone cerkak Jawa modern taun 2012, sajrone kasusastran Indonesia erotisme uga ana sajrone crita.

3. Sesambungane Erotisme sajrone Cerkak Jawa Modern Taun 2012 karo Realitas Sosial sajrone Bebrayan

a. Slingkuh

Sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 akeh crita cekak sing nyritakake bab slingkuh. Ana sing dadi punjere carita, ana sing mung dadi bumbune carita. Cerkak-cerkak sing ngandhut bab slingkuh yaiku cerkak *Endah..Endah* anggitané Yohanes Budi, *Critane Boneka Asu* anggitané Al-Aris Purnomo, lan cerkak *Kost* anggitané Sumono Sandy Asmoro. Slingkuh sing paling

nemen ana ing cerkak *Ceritane Boneka Asu*. Slingkuh ing kene ora mung ditindakake dening sing wadon, nanging sing lanang uga padha.

Sakabehe slingkuh sing ana sajrone cerita cekak Jawa modern taun 2012 nggambarake slingkuh sing ana sajrone bebrayan. Pangarang anggane nggambarake slingkuh kianthi njlimet lan cetha amarga kadadeyan mau ana sajrone bebrayan. Slingkuh wis suwe ana lan bab mau dijajari maneka sebab. Sebab-sebab mau ndadekake wanita lan priya nduweni alasan kanggo slingkuh, nanging diarani apa bae, sing jenenge slingkuh mujudake tumindak sing ora selaras karo bebener.

b. Seks Bebas

Salah siji bukti nyata anane seks bebas ing kasunyatan dituduhake dening pawarta saka Tulungagung. Ing kabupaten Tulungagung ana rolas siswa setingkat SMA sing kena virus HIV Aids jalaran nindakake seks bebas lan nggunakake narkoba. Bab iku nuduhake seks bebas ora mung ana ing kutha gedhe metropolitan. Seks bebas bisa dumadi marang sapa bae, ing ngendi bae.

Sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 ana cerkak siji sing menehi gambaran seks bebas sing dumadi marang nom-noman malah nganti meteng lan pengin lampus dhiri. Cerkak kanthi irah-irahan *Critane Boneka Asu* anggitané Al-Aris Purnomo iku menehi gambaran ngenani seks bebas. Ing cerkak iki digambarake kanthi gamblang kepriye seks bebas dumadi marang paraga Kinar nganti ndadekake dheweke meteng. Anggone nindakake andon asmara disebabake kasenengane ndeleng video porno ana laptope lan kurang wigatine wong tuwane sajrone nggulawentah anak.

c. Seks Minangka Kabutuhane Wong Sesomahan

Andon asmara utawa sanggama sejatine kalebu bab sing ora bisa uwal saka kodrate manungsa sing nduweni pepenginan lan hasrat. Widayati lan Panyono (2002:6) ngandharake andon asmara kanggone bebrayan Jawa ora mung kanggo nyukupi kabutuhan biologis nanging luwih saka iku. Andon asmara utawa sanggama mujudake kadadeyan sakral sing digambarake sajrone *kultur* budaya Jawa.

Andon asmara sing ginambar sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 uga menehi gambaran yen sejatine andon asmara iku kabutuhan sing ora kena dianggep sepele. Ana telung cerkak sing menehi gambaran kasebut yaiku cerkak *Yen Yang Kung Terus Oyeng, Ketiga Garing* lan cerkak *Kost*. Telung cerkak kasebut pancen menehi gambaran sing beda ngenani wong sesomahan, nanging katelune menehi gambaran menawa seksualitas utawa andon asmara sajrone bale somah iku mujudake kabutuhan biologis sing wigati. Erotisme bisa didadekake sarana kanggo nggambarake realitas sosial sing ana sajrone bebrayan lan gegayutan tumrap prakara seks.

d. Tumindak Seks sing Abnormal

Sajrone cerkak Jawa modern taun 2012 ana salah siji cerkak sing nggambarake tumindak seks sing

abnormal. Tumindak seks kasebut yaiku nindakake andon asmara karo kewan. Paraga sing dicritakake nindakake andon asmara karo kewan yaiku paraga Tante Rosa sing umure seket taunan. Tante Rosa ing kene dicritakake nindakake andon asmara karo ingon-ingone yaiku asu sing arane Nelky. Cuplikan sing kanthi dramatik nggambarake wateke Slamet lan Tante Rosa kaya mangkene.

Tante Rosa sajak cuwa atine. Karo ngalih mak klepat dheweke celathu sing gawe kaget lan mrindinge githokku.

“Kowe jebul ora lanang Met...”

“Kula ajrih Tante...”

“Kowe sik kalah pinter karo Nelky. Kalah adoh!” (Met, PS:39.2012:24).

Tante Rosa kanthi sumirat ngandharake sesambungane karo Nelky menyang paraga Aku nalika paraga Aku ora gelem dijak nindakake saresmi. Saka kene diweruhi Tante Rosa pranyata nduweni sesambungan sing abnormal karo ingon-ingone. Sesambungan sing asipat abnormal lan aneh mau yaiku Tante Rosa nindakake andon asmara karo asu ingon-ingone sing arane Nelky. Tante Rosa malah nandhingake Nelky karo paraga Aku lan nganggep Nelky (asune) luwih lanang tinimbang paraga Aku.

Sajrone kasunyatan tumindak seks sing kagolong paling aneh pancen pawongan sing andon asmara karo kewan. Syafirdi (2012) sajrone sawijine artikel ing internet nyebutake sawijine wanita ing Irlandia nemahi pati sawise nindakake andon asmara karo asu saka ras German Shepherd sing awake gedhe. Ing kono dijlentrehake wanita 43 taun kasebut nemahi pati amarga ngalami *anaphylaxis* utawa alergi sing kenemenen banjur ndadekake dheweke ora bisa ambegan. Kadadeyan kasebut dumadi ing tanggal 7 oktober 2008. Kanyatan kaya sing disebutake Syafirdi nuduhake tumindak seks sing abnormal pancen ana sajrone panguripane manungsa.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Saka asile analisis data sing wis ditindakake ing bab sadurunge bisa didudut telung peranan. Sepisan, wujud-wujude erotisme sing ana sajrone cerkak-cerkak sastra Jawa modern taun 2012 ana papat, yaiku 1) gambarane wanita; 2) gambarane planangan; 3) silih aras lan rinuketan; 4) gambarane andon asmara. Cerkak Jawa modern taun 2012 nduweni wujud sing maneka warna adhedhasar lageyane pangarang lan tema sing dijupuk. Ora kabeh cerkak munjerake cita ing babagan seksualitas. Kaloro, kagunane erotisme sajrone cita cekak Jawa modern taun 2012 ana pitu, yaiku yaiku 1) narik kawigatene pamaca; 2) sarana estetika; 3) salah sijine wujud interaksi sosial; 4) sarana kritik sosial lan moral; 5) konsekuensi logis; 6) gambaran panguripane manungsa kanthi wutuh; 7) sawijine bab sing lumrah.. Erotisme ora mung kanggo nuwuhake hawa napsu. Erotisme ana minangka sarana sing digunakake pangarang. Katelu, sesambungane erotisme sajrone cita

cekak Jawa modern taun 2012 karo realitas sosial sajrone bebrayan ana papat yaiku 1) slingkuh; 2) seks bebas; 3) seks minangka kabutuhane wong sesomahan; lan 4) tumindak seks sing abnormal. Sarana erotisme, realitas sosial katon nyata lan urip. Realitas-realitas sosial kasebut nduweni sesambungan karo prekara seksualitas.

Saka telung peranan kasebut bisa dingerteni menawa erotisme sajrone crita cekak Jawa modern taun 2012 nduweni maneka tingkatan, sing paling wigati nganti nggambarake anane andon asmara sarta seks bebas. Gambaran sing paling erotis ana sajrone gambarane planangan, nanging gambaran kasebut ora diwedharake kanthi gamblang. Pangarang kanthi simbolik nuduhake bab kasebut supaya ora katon lekoh lan porno.

2. Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo nemokake erotisme sajrone cerkak sastra Jawa modern taun 2012 luwih nggayutake tumrap maneka realitas sosial sing ana sajrone bebrayan. Panliten ngenani erotisme isih prelu ditindakake kanggo mangerteni pangrembakane tema-tema erotis sajrone reriptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Tumrap panliti sabanjure, erotisme sajrone novel, cerbung utawa guritan bisa ditindakake kanggo mangerteni corak erotisme sing digunakake dening sawijine pangarang tartamtu. Asile panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra ing perguruan tinggi. Tumrap pamaca, asile panliten iki bisa digunakake minangka sarana kanggo njembarake kawruh ngenani erotisme sajrone cerkak lan ngerteni makna sarta isine cerkak.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar baru Algesindo.

Darni. 2012. *Kekerasan terhadap Perempuan sajrone Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: Putra Media Nusantara.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Hoed, B.H. 1994. "Erotisme sajrone Bahasa: Sebuah Kajian Linguistik dan Semiotik", sajrone *Lembaran Sastra* (Edisi Khusus). Jakarta: Universitas Indonesia.

Hutomo, Suripan Sadi.1994. "Erotisme sajrone Sastra Kentrung", sajrone *Lembaran Sastra* (Edisi Khusus). Jakarta: Universitas Indonesia.

KBBI (*Kamus Besar Bahasa Indonesia*). 1996. Jakarta: Balai Pustaka.

Luxemburg, Jan Van dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diterjemahkan oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.

Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Hadisukarno, Sukardo. 1988. "Sastra Jawa Modern: Perlu Diperkenalkan Lebih Luas" sajrone *Wawasan Sastra Jawa Modern* (penyunting Poer Adhie Prawoto). Bandung: Angkasa.

Poerwadarminta, W.J.S. 1994. *Baoesastra Djawi*. Djakarta: Djambatan.

Purwadi, Didi. 2011. "12 Pelajar TulungAgung terjangkit AIDS karena Pergaulan Bebas" <http://www.republika-online.com> (diakses ing dina Rebo, 3 April 2013 jam 08:05).

Rass, J.J. 1985. *Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafiti.

Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rockhyatmo, Amir. 1994. "Unsur Erotis di sajrone Teks Babad", sajrone *Lembaran Sastra* (Edisi Khusus). Jakarta: Universitas Indonesia.

Saraswati, Ekarini. 2003. *Sosiologi Sastra Sebuah Pemahaman Awal*. Malang: UMM Press.

Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi*.Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sudikan, Setya Yuwana. 1990. "Sastra Jawa Modern, Sastra Pinggiran", sajrone *Keterlibatan Sastra Jawa Modern* (Penyunting Poer Adhie Prawoto) Solo: Tri Tunggal Tata Fajar.

Syafirdi, Didi. 2012. "5 Kisah Hubungan Terlarang Manusia dan Binatang". <http://www.Merdeka.com>. (Diakses dina Selasa tanggal 9 April 2013 jam 08.30).

Utomo, dkk. 2001. *Erotisme sajrone Sastra Jawa Klasik*. Jakarta: Pusat Bahasa.

Widayati, Sri Wahyu lan Panyono P. 2002. *Seksualitas sajrone Masyarakat Jawa Menurut "Serat Kawruh Senggama sajrone Padma: Jurnal Bahasa dan Seni*. No, 1 Th.I September 2002. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Surabaya.